

PWOGRAM OTO-DIREKSYON



Kesyon Moun Poze Souvan sou Pwogram Agency with Choice la

1. **K: Si mwen vle dirije sèvis DDS mwen yo Poukont Mwen avèk Agency with Choice (AWC) kijan mwen ka kòmanse?**

R: Pou kapab enskri nan **Agency with Choice** ou dwe kontakte Kowòdonatè Sèvis DDS ou an. Yon moun dwe elijib pou sèvis DDS pou adilt, dwe fè yon evalyasyon bezwen epi dwe an priorite pou sèvis DDS yo avèk yon alokasyon. Ou dwe genyen volonte pou travay avèk yon Kowòdonatè Sèvis DDS jan sa nesèsè pou aprann sou aspè Agency with Choice la.

2. **K: Nan ki laj, yon moun ka enskri nan Agency with Choice?**

R: An jeneral, sèvis DDS pou adilt yo kòmanse nan laj 22 lane lè sèvis lekòl yo fini. Moun ki elijib pou ASD (Sèvis pou Otis san Andikap Entelektiyèl) yo ka resevwa sèvis yo lè yo genyen 18 lane epi lè yo kite lekòl. Ou dwe diskite sou lòt sitiyasyon yo avèk Kowòdonatè Sèvis ou an oswa avèk Biwo Zòn ou an.

3. **K: Kijan AWC a diferan de yon founisè sèvis tradisyonèl?**

A: Lè yon moun/yon fanmi chwazi yon ajans founisè tradisyonèl pou bay sipò, ajans lan asire tout responsablite rekritman an, depistaj, fòmasyon, sipèvizyon ak jesyon anplwaye a. Lè yon moun/yon fanmi chwazi AWC, yo fè yon akò avèk ajans founisè a pou pataje responsablite sa yo. Yon fason ideyal, patisipan an/fanmi an idantifye anplwaye pou li rekrite yo, sepandan si yo pa genyen okenn moun nan rezo yo a, ajans lan ka ede jwenn anplwaye.

4. **K: Kijan yo detèmine bidjè AWC mwen an?**

A: Chak Moun k ap itilize AWC a resevwa yon alokasyon bidjè nan Depatman Sèvis Devlopmantral la selon bezwen yo idantifye. Bidjè sa a bay salè brit, taks ak avantaj pou travayè yo rekrite yo pou bay sèvis sipò ke yo idantifye, pwodui ak sèvis, èdtan navigasyon ak yon frè administratif. Nan pwosesis planifikasyon avèk founisè AWC a, fanmi yo pral pran desizyon sou fason bidjè yo a divize ant salè brit ak pwodui ak sèvis nan kad machaswiv pwogram nan.

5. **K: Kilès ki responsab pou idantifye epi pou seleksyone nouvo anplwaye yo?**

A: Founisè AWC a responsab aktivite seleksyone ak aktivite verifikasyon ki genyen ladan verifikasyon antesedan kriminel, pou pran anprent dijital, referans, elatriye. Ajans yo genyen obligasyon pou respekte egzijans Regleman Federal ak Regleman Eta a. Navigatè Sèvis AWC a pral soutni moun nan ak fanmi an nan tout aktivite ki lye ak pwosesis anplwa a ki genyen ladan: kreyasyon deskripsyon travay, ekri anons, ede fanmi yo idantifye resous ak plas pou rekrite travayè yo, patisipe nan entèvyou kandida ki idantifye yo, ede fasilite pwosesis rekritman an, negosye epi etabli tarif peman, epi ede nan reyalizasyon evalyasyon pèfòmans anyèl yo.

6. K. Èske mwen ka rekrite yon manm fanmi pou kapab yon anplwaye?

A. Ou pa kapab rekrite yon konjwen oswa gadyen legal pou bay okenn sèvis. Ou kapab rekrite lòt manm fanmi yo kòm anplwaye si yo satisfè egzijans Founisè AWC a. Ou ta dwe pale avèk Navigatè Sèvis AWC ou an ak Kowòdonatè Sèvis DDS la konsènan oryantasyon espesifik ki lye ak rekritman manm fanmi yo.

7. K. Kilès ki genyen desizyon final konsènan rekritman yon anplwaye potansyèl?

A. Founisè AWC a genyen desizyon final konsènan rekritman yon anplwaye potansyèl paske li se yon anplwaye nan ajans lan. Sa vle di Founisè AWC a dwe dakò pou fè entèvyou epi seleksyone kandida potansyèl ke yo mennen bay li a, epi aji ak bon fwa epi eseye rekrite moun ki idantifye yo. Sepandan, desizyon final konsènan rekritman an se pou ajans lan.

8. K. Kilès ki responsab pou peye anplwaye a?

A. Founisè AWC a responsab tretman pewòl ak fich èdtan anplwaye a. Moun nan/fanmi an responsab pou siyen fich èdtan anplwaye a nan yon fason ki apwopriye, epi selon politik ajans lan. Yo p ap trete okenn fich èdtan san siyati anplwaye a, fanmi an/moun nan/sipèvizè a.

Anplis, retansyon, depozisyon, ak peman tout taks sou revni Federal, Eta a, ak revni lokal ak taks travay la, bay konpansasyon travayè ak asirans chomaj, avantaj, epi bay fòmilè W-2 yo oswa fòmilè 1099 yo (lè sa apwopriye) se sou responsablite founisè AWC a.

9. K. Kilès ki decide kisa yo pral peye anplwaye a ak ki avantaj anplwaye a pral resevwa?

A. Lwa Eta a detèmine ki montan minimòm yo ka peye yon travayè. Depatman Sèvis Devlopmantral la te etabli yon montan maksimòm yo ka peye yon anplwaye ki rekrite atravè AWC a. Tarif peman ak avantaj anplwaye a detèmine pa moun nan/fanmi an nan konsiltasyon avèk Navigatè Sèvis AWC a. Moun nan/fanmi an ka decide kilè pou bay ogmantasyon salè. Tanpri sonje ogmantasyon yo pa ka depase tarif peman ki etabli pa Depatman Sèvis Devlopmantral la ni fanmi an pa ka depanse plis lajan pase sa bidjè yo a pèmèt. Si fanmi an decide pou bay yon anplwaye yon ogmantasyon, yo dwe fè sa nan aktyèl bidjè yo a ki vle di moun nan kapab resevwa mwens èdtan pou sèvis sipò. Yo ka sèlman bay ogmantasyon salè nan konsiltasyon avèk Navigatè Sèvis AWC a.

10. K. Kilès ki decide sou orè travay chak jou anplwaye a?

A. Moun nan/fanmi an responsab pou kreye ak jere orè travay anplwaye a selon èdtan ki detèmine pa bidjè moun nan. Moun nan/fanmi an decide sou obligasyon chak jou anplwaye a.

Se responsablite moun nan/fanmi an pou devlope yon plan sekou, lè sa nesesè, pou sipò si anplwaye a pa anmezi pou vin travay. Se pa tout sitiyasyon ki mande yon plan sekou. Orè travay ak demann konje yo detèmine pa moun nan/fanmi an, men yo pral bezwen pataje enfòmasyon sa yo avèk Founisè AWC a.

11. K. Kilès ki responsab pou jere responsablite chak jou yo?

A. Moun nan/fanmi an responsab pou atribye aktivite ki enpòtan ak jesyon pèsònèl la chak jou. Founisè AWC a disponib pou bay enfòmasyon, resous ki posib, ak oryantasyon pandan fòmasyon ak sipèvizyon anplwaye yo.

12. K. Kilès ki decide sou fòmasyon anplwaye a bezwen genyen?

A. Founisè AWC a responsab pou bay fòmasyon ki obligatwa ki idantifye pa Depatman Sèvis Devlopmantral la (Premye Swen, CPR, Deklarasyon Abi ak Ensidan-DPPC ak Fòmasyon Debaz sou

Sekirite, Prevni Abi ak Eksplwatasyon Finansye). Tout anplwaye yo dwe sètifye nan Premye Swen ak CPR anvan yo ka sipòte moun yo poukont yo. Moun nan/fanmi an responsab pou bay fòmasyon selon bezwen moun nan genyen chak jou pou sipò, ak tout lòt fòmasyon espesifik ke yo vle epi kwè ki enpòtan pou bay sipò de kalite epi ki pral adapte ak bezwen inik yo. Ajans endividyèl yo kapab mande lòt fòmasyon anplis selon pi bon pratik yo.

Tanpri sonje ke yo peye anplwaye yo pou tout tan fòmasyon yo nan bidjè moun lan, ki genyen ladan tan pou fini tout fòmasyon ki obligatwa.

13. K. Kilès ki evalye pèfòmans travay anplwaye a?

A. Navigatè Sèvis AWC a responsab pou asiste moun lan/fanmi yo pou fè yon evalyasyon pèfòmans chak ane pou chak anplwaye.

14. K. Kijan yo mentni kominikasyon ant moun nan/fanmi an ak Founisè AWC a?

A. Nan moman enskripsyon an genyen yon akò ki devlope ant founisè AWC a ak moun nan/fanmi an, ki masyone wòl ak responsablite chak pati yo. Genyen yon kominikasyon regilye ant moun nan/fanmi an, Navigatè Sèvis AWC a ak kowòdonatè sèvis DDS la atravè apèl telefonik enfòmèl, imèl ak rankont jan sa nesesè.

Anplis, Navigatè Sèvis AWC a pral òganize rankont fasafas chak trimès pou enkli diskisyon sou; satisfaksyon avèk sèvis yo, mizajou sou bidjè AWC moun nan, mizajou sou rekritman pèsònèl, pwogrè moun nan ap fè pou reyalize objektif ISP yo, difikilte, enkyetid, ak tarif peman pou manm pèsònèl AWC a.

15. K. Kilès ki responsab pou jere bidjè AWC moun nan?

A. Se responsablite moun nan/fanmi an pou jere bidjè yo a. Navigatè Sèvis AWC a pral bay moun nan/fanmi an relve finansye “ki adapte ak konsomatè” a chak mwa ki relete tout depans ki genyen ladan salè brit, taks ak avantaj ak depans finansman ki fleksib. Rapò sa yo, ansanm ak konvèsasyon enfòmèl ak Navigatè Sèvis la, ede fanmi an mentni epi ajiste depans pandan tout ane a.

16. K. Èske yon pòsyon nan bidjè a ka itilize pou “Pwodui ak Sèvis”?

A. Anvan yo fè acha yo, dwe genyen yon diskisyon avèk Navigatè Sèvis AWC a pou asire ke yo respekte machaswiv DDS yo. Moun nan/fanmi an responsab pou soumèt tout resi yo nan yon fason ki apwopriye bay Navigatè Sèvis AWC a pou asire ranbousman. Yo ka fè peman dirèkteman bay yon founisè tou pou sèvis yo te rann nan non yon moun.

17. K. Èske moun/fanmi k ap patisipe nan sèvis AWC yo ka patisipe tou nan pwogram sèvis tradisyonèl yo?

A. Wi, li posib pou genyen yon konbinezon sèvis tradisyonèl yo ak sèvis AWC yo. Ou ta dwe diskite avèk Kowòdonatè Sèvis DDS ou an.

18. K. Èske moun ki rezidan 24/7 nan pwogram rezidansyèl DDS finanse yo ka resevwa sèvis AWC yo?

A. Wi, men pou sèvis lajounen yo sèlman.

- 19. K. Èske moun/fanmi yo ka chanje pou ale nan/pou soti nan sèvis AWC yo nenpòt lè pandan ane a?**
A. Wi, moun/fanmi yo kapab chanje sèvis yo nenpòt lè pandan ane fiskal la, men planifikasyon ak kowòdinasyon yo dwe fèt nan konsiltasyon avèk Kowòdonatè Sèvis DDS yo a.